**दिन–बुधवार** **दिनांक–22.01.2025**

प्रसार भारती

(भारत का लोक सेवा प्रसारक)

प्रादेशिक समाचार एकांश

आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी **बेटी बचाओ बेटी पढ़ाओ** अभियान के बढ़ियाँ सँ दस बरख पूरा भेला पर प्रसन्नता जतौलनि अछि। श्री मोदी सोशल मीडिया पर अपन पोस्ट मे मजनौलनि जे समाजक सभ वर्गक मददि सँ ई अभियान सफल भऽ रहल अछि। ओ जनौलनि जे एहि सँ स्त्री–पुरूषक बीच विभेद कम भेल अछि आओर बालिका सभक शिक्षा आओर करियरक लेल उचित माहौल बनल अछि। प्रधानमंत्री श्री मोदी जनौलनि जे ई अभियान सँ ओहि सभ जिला मे सेहो बालक–बालिका सभक अनुपात मे सुधार भेल अछि, जतय पारंपरिक रूप सँ एहि मे बेसी अंतर होयत छल। श्री मोदी लोकसभ सँ बेटी सभक अधिकार के संरक्षण देब आओर हुनक शिक्षा सुनिश्चित करबाक लेल जनौलनि जाहि सँ बेटी सभ बिना कोनो भेद–भावक संग आगू बढ़ि सकैय। एम्हर, एहि मौका पर प्रदेशक कतेको क्षेत्र मे बेटी सभक विकासक लेल समर्पित कतेको कार्यक्रमक आयोजन कयल गेल।

---

सरकार विपणन सत्र दू हजार पचीस–छब्बीस लेल कांच पटुआक न्यूनतम समर्थन मूल्य एम.एस.पी मे प्रति क्विंटल तीन सय पंद्रह टाका बढ़ौलक अछि। केन्द्रीय वाणिज्य आ उद्योग मंत्री पीयूष गोयल आइ नव दिल्ली मे पत्रकार सभ के ई जनतब देलनि। आब कांच पटुआक प्रति क्विंटल पांच हजार छओ सय पचास टाका एम.एस.पी कयल गेल अछि।

---

कर्मचारी भविष्य निधि संगठन– ई.पी.एफ.ओ सदस्य सभक संख्या मे पछिला बरख नबम्बर मास मे चौदह लाख तिरसठि हजार सदस्य बढ़ल अछि। श्रम आओर रोजगार मंत्रालय जनौलक अछि जे एहि मे नव महिला सदस्यक संख्या दू लाख चालीस हजार अछि।

---

उत्तर प्रदेशक प्रयागराज मे चलि रहल महाकुंभ मे श्रद्धालु सभक भारी भीड़ उमड़ि रहल अछि। केन्द्र आओर राज्य सरकारक कतेको विभाग द्वारा कुंभ नगरी मे प्रदर्शीनी

लगाओल गेल अछि। एहि बीच राष्ट्रीय स्तरक खादी प्रदर्शीनी लोकसभ के आकर्षित कऽ रहल अछि।

———————————————————————

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार प्रगति यात्राक तेसर चरण मे आइ अररिया जिला मे तीन सय चारि करोड़ टाका सँ बेसीक कतेको विकास योजनाक उद्घाटन आओर शिलान्यास कयलनि। श्री कुमार समाहरणालयक परमान सभागार मे अधिकारी सभक संग परियोजनाक प्रगतिक समीक्षा सेहो कयलनि।

———————————————————————

भारतीय जनता पार्टीक प्रदेश अध्यक्ष दिलीप जासवाल जनौलनि अछि जे बिहार एनडीए एक भऽकऽ लक्ष्य दिस आगू बढ़ि रहल अछि। गोपालगंज मे एनडीए सम्मेलनक बीच पत्रकार सभ सँ गपशप करैत ओ जनौलनि जे एनडीएक सभ पांचो घटक दलक बीच चट्टानी एकता बनल अछि। ई सम्मेलन मे जदयूक प्रदेश अध्यक्ष उमेश कुशवाहा, लोजपा रामविलास, हिंदुस्तानी आवाम मोर्चा आओर राष्ट्रीय लोक मोर्चाक कतेको वरिष्ठ नेता आओर कार्यकर्ता सभ छलाह।

———————————————————————

तेज पछिया हवा चलल सँ राजधानी पटना सहित राज्यक बेसी क्षेत्र मे तापमान औसत दू सँ तीन डिग्री सेल्सियस घटल अछि। रोहतास, गोपालगंज आओर पूर्वी चंपारण सहित राज्यक उत्तर–पश्चिम आओर दक्षिण– पश्चिम क्षेत्र मे कतेको ठाम शीत दिवसक स्थिति बनल रहल। मौसम विभाग सँ भेटल जनतबक अनुसार पछिला चौबीस घंटाक बीच डेहरी राज्यक सभ सँ बेसी ढंढ़ा स्थान रहल जतय न्यूनतम तापमान आठ डिग्री सेल्सियस रहल। मौसम विभाग अपन पूर्वानुमान मे जनौलक अछि जे आइ आओर काल्हि छपरा, मधुबनी, सीतामढ़ी, शिवहर आओर वैशाली सहित राज्यक कतेको क्षेत्र मे शीत दिवसक स्थिति बनल रहत। संगहि, राज्यक उत्तर–मध्य, उत्तर–पूरबी आओर दक्षिण–पूरबी क्षेत्र मे कतेको ठाम घनगर कुहेसक स्थिति बनल रहि सकैत अछि।

———————————————————————

मधुबनी जिला परिवहन कार्यालय आइ सड़क सुरक्षा के लऽकऽ जागरूकता अभियान चलौलक जिला परिवहन पदाधिकारी शशि शेखरम जनौलनि जे दू पहिया वाहन चालक हेलमेट आओर चारि पहिया वाहन चालक सभ सीट बेल्ट जरूर लगाबैथ। संगहि, सड़क पर

रोज–डे मे बिना हेलमेट आ सीट बेल्ट लगौने चालक सभ के गुलाबक फुल दऽकऽ जागरूक कयल गेल।

———————————————————————

दू सदस्यीय केन्द्रीय टीम आइ पश्चिम चंपारण जिलाक बगहा अनुमंडल अस्पतालक मे केन्द्र सरकार द्वारा देल जा रहल विभिन्न निःशुल्क सेवाक जांच कयलनि।

मधुबनी जिलाक बेनीपट्टी थानाक नंदी–भौजी चौक लऽग तेज गति सँ जा रहल चारि पहिया वाहनक चपेट मे अयला सँ मोटरसाईकिल सवार एक व्यक्तिक मृत्यु भऽ गेलनि जखन कि एक आन घायल भऽ गेलाह। ई दुनू पिता–पुत्र छथि।

बक्सरक एक स्थानीय अदालत हत्याक एक मामिला मे दोषी तीन सहोदर भाई के आजीवन कारावासक सजा सुनौलक अछि।

मधेपुरा जिला मे पुलिस पच्चीस हजारक टाकाक ईनामी अपराधी राजू यादव आओर हुनक एक संगी के एक देशी पेस्तौलक संग गिरफ्तार कयलक अछि।

———————————————————————

समाप्त